**MAJELIS ULAMA' INDONESIA**
**KABUPATEN GROBOGAN**

# ﴿ خطبة الجمعة الموضوعية ﴾

## Tondonipun Tiyang Ingkang Iman

أَلْحَمْدُ للهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ، وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِيْنَ وَلَاعُدْوَانَ إِلَّا عَلَى الظَّالِمِيْنَ. أَشْهَدُ أَنْ لآاِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَاشَرِيْكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ يُحْيِى وَيُمِيْتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ الْمَبْعُوْثُ رَحْمَةً لِلْعَالَمِيْنَ. أَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى نَبِيِّنَا وَحَبِيْبِنَا سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِيْنَ وَسَلِّمْ تَسْلِيْمًا كَثِيْرًا، أَمَّا بَعْدُ. فَيَا عِبَادَ اللهُ أُوْصِنِيْ نَفْسِيْ وَإِيَّاكُمْ بِتَقْوَى اللهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُوْنَ. قَالَ اللهُ تَعَالَى فِيْ كِتَابِهِ الْكَرِيْمِ، أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ، بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيْمِ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلا تَمُوتُنَّ إِلاَّ وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

***Jamaah jum'ah rahimakumullah***

Alhamdulillah konjuk dateng ngarsanipun Allah ingkang taseh paring nikmat iman, Islam lan karaharjan dateng kita sedaya. Sahingga saget kita dadosaken sangu kangge nindaaken ketaqwaan kita. Amargi taqwa menika unsur penentu hasilipun gesang ing dunyo saha samangke ing akhirat.

Sumangga ing kalodangan menika kita sareng-sareng ngupaya ambiji lan ningali kahanan rohani kita sesarengan. Saktemene pagesangan rohaniyah den upayaake kalian kinerja lahiriyah kita sedaya. Menika hukum umum ingkang dumadi dateng manungsa. Mboten perduli piyambake niku menapa kuli, anggota dewan kehormatan menapa anggota perserikatan. Menika sami mawon wonten ngersanipun Allah, mugi-mugi kita sedaya dipun paringi pitedah tumuju margi ingkang dipun ridhani Allah. Amiin

***Jamaah ingkang dipun mulyaaken Alloh.***

Iman puniko salah setunggalipun syarat ingkang wajib dipun miliki umat muslim wonten ing pundi kemawon. Tiyang ingkang sampun ngaku muslim kedah anggadahi keimanan. Dene keimanan ingkang dipun maksud inggih puniko keimanan ingkang berkualitas, keimanan ingkang dipun mangertosi

kaliyan pinten-pinten perkawis; kados ngistoaken kanthi saestu-estunipun wonten manah, ngucapaken lantaran lisan lan ngamalaken kanthi wujud ingkang nyoto nganggе anggota badan. Iman puniko sifatipun fluktuatif, artosipun saget tambah kanthi ketaatan lan saget kirang sebab kemaksiatan.

Iman ingkang dipun maksud mboten iman ingkang dipun miliki tiyang-tiyang munafik. Keranten tiyang munafik puniko mboten anggadahi niatan kangge ibadah dateng Alloh SWT. Ananging namung kepingin ngapusi dateng Alloh kemawon. Wonten Al Qur'an Surat An Nisa' dipun sebataken bilih Alloh SWT sampun dawuh :



*"Saktemene wong-wong nunafik iku arep ngapusi Alloh SWT, lan Alloh SWT ngapusi deweke. Nalikane deweke ngelakoni sholat, deweke ngadek kanthi males, deweke riya marang manungso lan ora pernah iling marang Alloh SWT, ananging mung setitik banget."* (QS. An Nisa' : 142)

***Ma'asyirol Muslimin Rahimakumullah.***

Iman ingkang dipun maksud inggih puniko iman ingkang berkualitas utawi bermutu tinggi ingkang mboten gampang memudar sebab pengaruh arus jahiliyah modern, mboten iman musiman utawi settingan, mboten iman keranten embel-embel keduniawian lan iming-iming ingkang nboten wonten tujuan ingkang pasti. Iman ingkang dipun maksud inggih puniko iman ingkan wonten saklebetipun anggadahi sekawan ciri, inggih puniko :

**Sepindah**, sinten kemawon ingkang ngaku beriman, mongko bakal ngelampahi kesaenan mboten kanthi dipun ende-ende malih. Tiyang ingkang sampun ngaku beriman dateng Alloh SWT bakal cepet-cepet beramal sholih utawi ngelampahi kebajikan.mboten pernah nunda-nunda perkawis ingkang sae. Kados ingkang dipun jelasaken wonten hadits at Tirmidzi, Rasulullo SAW dawuh, "ndang gage siro kabeh ngeleksanaaken amal sholih sebab 7 perkoro: 1.

Opotoh siro amung ngenteni kefakiran sing ngelaleake, 2. Utowo sugih sing nyesatake, 3. Utowo loro kang ngrusak, 4. Utowo tuwo kang nglemesake, 5. Utowo mati kang ndadak, 6. Utowo dajjal, kang dadi sak elek-eleke barang ghoib kang arep teko, 7. Utowo dino kiamat, padahal dino kiamat iku luwih dahsyat lan luwih gumunake."

**Kaping kalih**, sinten kemawon ingkang ajrih dateng siksonipun neroko, mongko bakal ambudi doyo kangge mboten nderek howo nafsunipun ingkang njerumusaken dateng keawonan. Tiyang ingkang iman dateng Alloh SWT, mestinipun milih dalan ingkang lurus, inggih puniko dalan kangge nyaket dateng rohmatipun Alloh SWT, mboten dalan ingkang dadosaken bendunipun Aloh SWT. Tiyang ingkang beriman mangertosi bilih kanthi nuruti hawa nafsu, berarti sampun durokoni Alloh SWT. Lan kanthi duroko dateng Alloh SWT berarti sampun mlebet dateng kesesatan ingkang nyoto. Wonten Surat Al Ahzab Alloh SWT berfirman,



*"lan ora patut kanggone mukmin lanang lan mukmin wadon, naliko Allloh lan Rosululloh wis netepake suwijine ketetapan, bakal ono kanggone deweke pilihan liyo kanggo urusane deweke. Lan sopo wae duroko marang Alloh lan Rasululloh, mongko saktemene deweke iku sesat, kanthi sesat ingkang nyoto."* (QS. Al Ahzab :36)

***Ma'asyirol Muslimin Rahimakumullah.***

**Kaping tigo**, cirinipun tiyang iman dateng Alloh SWT anggadahi keyakinan bilih bakal wonten dintenipun kematian lan mboten badhe kesengsem dateng perkawis duniawi. Wekdalipun telas damel ngibadah danteng Alloh SWT. Alloh SWT sampun dawuh wonten surat Ali Imron ayat 185, ingkang artosipun " saben-saben sing duweni nyowo bakal ngrasaake mati. Lan saktemene ing dini

kiamal bakal disempurnake ganjaran siro. Sopo wahe direkso songko neroko lan dileboake marang suwargo, mongko bejo temen deweke. Keduniawiyan iku ora liyo mung kesenengan kang nglaleake."

**Kaping sekawan**, tiyang ingkang beriman mangertosi bilih donyo puniko panggenanipun ujian utawi cobaan. Ananging tiyang ingkang iman yakin bilih cobaan puniko gampil, lan sedoyo ujian ingkang dipun paringaken dateng kawulaipun, mesti wonten kunci jawabanipun inggih puniko sabar lan syukur.

***Ma'asyirol Muslimin Rahimakumullah.***

Alloh SWT sampun jelasaken tanda-tandanipun tiyang ingkang beriman wonten ing surat Al Anfal ayat 2 ngantos 4 :



*"sak temene wong-wongkang iman iku yen disebut asma Alloh gemeter atine lan yen diwacaake ayat-ayat Alloh tambah imane lan namung marang pengerane podo tawakal kabeh. Yoiku wong-wong kang njumenengake sholat lan nafkahake sebagian songko rizkine sing diwenehake. Ikulah wong-wong kang iman sabener-benere. Kabeh bakal merkoleh derajat kang luhur ono ngarsane Alloh lan den ngapuro sarto nikmat kang mulyo."* (QS. Al Anfal :1-4).

Kito sedoyo kedah saget beriman lan taqwa dateng Alloh SWT. Ngeleksanaaken sedoyo perintahipun lan nebihi sedoyo awisan-awisanipun. Sedoyo dipun lampahi kanthi kesadaran, mboten wonten paksaan. Sedoyo dipun lampahi namung murih ridhonipun Alloh SWT. Kito kedah saget anggadahi

keimanan ingkang istimewa kados meniko, sehinggo kito angsal rohmat lan pangreksonipun Alloh SWT.

Kados ingkang dipun jelasaken wonten surat Al Baqoroh ayat 137 :



*“mongko, lamun kabeh iman marang opo kang siro imani, yekti kabeh bakal entuk petunjuk, lan lamun wong-wong kabeh podo mengo, yektine wong-wong kabeh ono saknjerone permusuhan. Alloh bakal ngrekso siri songko wong-wong mau. Lan Alloh SWT moho midanget lan moho ngudaneni.”* (QS. Al Baqoroh : 137).

***Ma’asyirol Muslimin Rahimakumullah.***

Monggo ampun leren anggenipun kito dedongo nyuwun dateng Alloh SWT mugi-mugi dipun tambah keimanan wonten ing manah kito lan mugi-mugi Alloh SWT njagi keimanan kito lan nebihaken saking kekufuran. Amin Ya Robbal ‘Alamin..

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِيْ الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ، وَتَقَبَّلَ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ، وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِيْنَ، وَاسْتَغْفِرُوْا إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ